**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–10.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उत्तरप्रदेशक प्रयागराज में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आइ महाकुंभ दु हजार पच्चीस के समर्पित आकाशवाणीक कुंभवाणी चैनलक शुभारंभ कयलनि। कार्यक्रम मे सूचना आ प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन वर्चुअली सम्मिलित भेलाह। आकाशवाणीक कुंभवाणी चैनल छब्बीस फरवरी धरि सबेरे पांच बाजि कऽ पचपन मिनट सँ राति दस बाजि कऽ पांच मिनट धरि महाकुंभ केर प्रत्येक गतिविधि पर आधारित कतेको कार्यक्रम प्रसारित करत। कुंभवाणी चैनलक माध्यम सँ अमृत स्नानक लाइव कमेंट्री प्रसारित कयल जायत। एहि अवसर पर प्रसार भारतीक अध्यक्ष डॉक्टर नवनीत कुमार सहगल, मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी, आकाशवाणीक महानिदेशक डॉक्टर प्रज्ञा पालीवाल गौड़, दूरदर्शनक महानिदेशक कंचन प्रसाद सहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। कार्यक्रम के एक सय तीन दशमलव पांच मेगाहट्र्ज फ्रीक्वेंसी, न्यूज ऑन एआईआर ऐप आ वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म वेव्स पर सुनल जा सकैत अछि।

---

राज्य सरकार दरभंगा एयरपोर्ट के अंतर्राष्ट्रीय हवाईअड्डा बनेबाक लेल दू सय चौवालीस करोड़ टाका आ रक्सौल हवाई अड्डाक विकास लेल दू सय सात करोड़ टाकाक मंजूरी देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि आशयक प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। एकर अतिरिक्त मंत्रिमंडल कुसियारक खरीद मूल्य मे दस टाका प्रति क्विंटल बढ़ोतरी कयलक अछि। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे वैशाली आ सीतामढ़ी जिला मे नव औद्योगिक क्षेत्रक निर्माणक प्रस्ताव के सेहो मंजूरी देल गेल अछि।

---

ग्रामीण कार्य विभागक मंत्री अशोक चौधरी कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री सेतु योजनाक अंतर्गत एक हजार नव पुलक निर्माण करवाओल जायत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे एहि मे सँ छओ सय पुलक निर्माण वर्तमान वित्तीय वर्ष मे

जखनकि चारि सय पुलक निर्माण अगिला वित्तीय वर्ष मे कयल जायत। एकर निर्माण पर तीन हजार करोड़ टाकाक लागति आओत।

————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे पटनाक आईजीआईएमएस मे ह्यूमन मेटान्यूमो वायरस, एचएमपीवीक जांच शुरू भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे एहि बीमारीक लक्षणवला तीन मरीजक सैंपल के जांच कयल गेल, कोनो मे संक्रमणक पुष्टि नहि भेल। ओ कहलनि जे पटनाक अगमकुआँ स्थित राजेन्द्र मेमोरियल रिसर्च इन्स्टीच्यूट ऑफ मेडिकल सांईसेज मे सेहो तेरह जनवरी सँ एचएमपीवी संक्रमणक जांच शुरू भऽ जायत।

————————————————————

प्रवर्तन निदेशालय ईडीक टीम राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व मंत्री आलोक कुमार मेहताक उन्नैस ठेकान पर एक संग छापामारी कऽ रहल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार बिहार, पश्चिम बंगाल, उत्तर प्रदेश आ दिल्ली मे छापामारी कयल जा रहल अछि। वैशाली शहरी विकास सहकारिता बैंक मे पचासी करोड़ टाकाक घोटालाक मामिला मे ई कार्रवाई भऽ रहल अछि। एहि मामिला मे भारतीय रिजर्व बैंकक रिपोर्टक आधार पर हाजीपुर मे तीन प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

————————————————————

राज्य आ केन्द्र सरकारक काज के जन–जन धरि पहुँचेबाक लेल आइ पटना सँ एनडीए रथ के विदा कयल गेल। एहि अवसर पर भाजपा, जदयू, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रदेश अध्यक्ष समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

————————————————————

शिक्षा विभाग शिक्षक लोकनिक स्थानांतरणक पहिल सूची जारी कऽ देलक अछि। पहिल चरण मे कैंसर पीड़ित शिक्षकक स्थानांतरण कयल गेल अछि। विभाग पत्र जारी कऽ कहलक अछि जे संबंधित जिला शिक्षा पदाधिकारी द्वारा स्थानांतरित शिक्षकक पदस्थापनाक आदेश काल्हि धरि जारी भऽ जायत आ सात दिनक भीतर संबंधित शिक्षक के पदस्थापना वला जगह पर अपन योगदान सुनिश्चित करबाक होयत।

————————————————————

पटना उच्च न्यायालय बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा आयोजित सत्तरिम प्रारंभिक संयुक्त एकीकृत प्रतियोगिता परीक्षा रद्द करबाक मांग सँ जुड़ल एक याचिका के सुनवाई लेल स्वीकार कऽ लेलक अछि। ई याचिका जन सुराज पार्टीक दिस सँ दायर कयल गेल अछि। मामिलाक अगिला सुनवाई पंद्रह जनवरी के होयत।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक खुटौना बाजार आ झांझपट्टी मे पुलिस अवैध मिनी गन फैक्ट्रीक उद्भेदन करैत पांच गोटे के भारी मात्रा मे हथियार निर्माण सामग्रीक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

पछवा हवाक प्रभाव कम हेबाक संगहि मौसम मे परिवर्तन भेल अछि। आइ सवेर सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे रौद निकलल। प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला तीन दिन मे ठंढ़ा मे आओर कमी आओत।

———————————————————————

समाप्त